

## Ubbiteg Fooraas bi

[Page 152]

Waxtaan wi Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke def

ci ubbiteg fooraas bi ‘āma

Baḍsashin (1972) Tuubaa

Gànnaw bu loolu wéye itam, kilifa yii nga xam ne ànd nga ak ñoom ñu di la jàppale, maa ngi leen di jotal ab nuyoo. Ma di la yégal it ne la waxoon naa la ne la, boo ñëwee Tuubaa danaa la teeru, danaa la teral, te it danaa la gërëm. Ngërëm loolu ma lay gërëm itam, ngërëm la loo xam ne yéene la ngërëm taxut ma di ko def. Ragal la taxut ma di ko def. Ana

[Page 153]

litax ma di ko def ? Alal dees koo wara jox boroom. Te alal nga fi jëf. Ngir ngërëmal jëf, ka jëf jëf ja rekka ko moom. Te bu ma waxee sax ne maa ngi lay gërëm ci fooraas bi ngay ubbi, te ngay njiital Senegaal, te fu ne mboolo mi nekk fa, warees leena toppatoo ci ndox, dana mel ni sax leneen la. Waaye ngërëm lii ma la ciy gërëm lu wér la. Lu ma mëna wone ñépp jis ko ngir li Senegaal di yaatu-yaatu-yaatu, ñaari fooraas ñoo xam ne seen diggante ëppul juroomi kilomeet fii rekk laa ko jis. Kon nak

[Page 154]

danaa daaldi jàpp ne fooraas bu njëkk bi, bu fekke warugar la, wartéef la woo wareesa def it, bu mujj bi ndimbal la. Te ndimbal moom, ku doon laaj ndimbal, defalees ko ko moo wara gërëm. Te bu dee gërëm it ki mu laajoon mu def ko rekk la wara gërëm. Kon nak, loolu gërëm nan la ci ngërëm lu wér lu dëggu ci nun. Di la xamal it ne am na lu ma la waxoon keroog ba nu njëkkee jise. Maa ngi la koy fàttali. Waxoon naa la ne la ba fàwwu, saa bu ma la diisee loo xam ne seet nga loola, mu doon loo xam ne sama njariñal bopp man kenn, doonul

[Page 155]

njariñal mboolo mi, ñaan naa la bu ko def. Ngir umpalewuma ne kilifa nga goo xam ne sa wénn waxtu wu ne, mboolo mu baree ca wara aju. Kon nak di yittéwoo ci ay leetar yoo wara jàng wàlla ay waxtaan yu may wara waxtaan ak yaw, ci sama soxlas bopp man kenn, samag xam ëpp na ko. Duma ko def muk. Gànnaw bu loolu wéyee nak, kon mbooloo mi dafay daadi nekk loo xam ne loo leen defal man nga ko defal. Kon nak lii nga xam ne defal nga ko mbooloo mi, bégloo na mbooloo mi, bégloo na ma. Gërëm naa la ci. Maa ngi lay jottali ngërëmal [mbooloo mi.]

[Page 156]

Ag càggante ga nga am ba ñu dindi ca tilim ju baree noonu nak; ak nga jaaxle lool; la ca des te baax it ak baax ga rekk am na lum mënoona jariñ. Man daal su ma sañoon, bu nu Yàlla boolee fii nu àndàndoo te bokk jëm fale fa deesi fekki sunu kilifa, suma sañoon bu nu jakarlook moom, nun ñépp nu maase ci mu gërëm nu, sànt nu, dimbale nu. Te loolee mënu nu koo am ci ludul li mu sàntaane rekk nu ne ca. Li mu tere nu bàyyi ko. Te man déy xam naa ne bari na lool lu nit di yittéwoo di ca sonn lool te baña xam li ko koy may moo ca [...]

[Page 157]

[...] loo leen njort ci moom [Bamba]. Ba tax coono yu ne sonnal nañu ko ko. Fu ne yóbbu nañu ko fa. Waaye mësuñu koo yóbbu fenn bam fàtte Yàlla. Fu mu mësa ne jàpp na ne Yàllaay Boroomam, Yàlla la fa doon topp. Yàlla la nekkal ci lu umpul kenn. Bi leen loolu leeree nàññ ci moom itam, ñu daadi digeek moom ci aw doxaliin woo xam ne doxaliin woowee rekk ca la nu mëna wéy. Doxaliin wa moo di lépp lu ñu sàntaane te Yàlla terewu ko mu def ko, defloo ko mbooloo mi. Lépp lu nuy bàyyilu te Yàlla jàppluwu ko mu bàyyi ko bàyyiloo ko mbooloo mi. Loola rekk ca la nekkoon. Kon nak, bu fekkee gornamaa

[Page 158]

Farañse dafa fee nekkon, mu nekk ak ñoom ca noona te nekkatuñ fi, yaw yaa leen fi wuutu. Waaye ci kow gannaaw bu nu moomee sunu bopp, ñépp di ay nawle nu bokk saññloo la, yaakaar la, tekk la ci sunu kanam cig defar. Te it noonee nu àndewoon rekk lanuy mëna àndee. Noo ngi fas yéene ànd ak yaw ci dimbalante ci lépp loo xam ne luy defar réew mi la ak luy dëhëral [dëgëral] sunu diine nu jàpp ko. Am na nak lu nu sunu baay dénkoon. Loolu rekk lanu mëna def. Mënunoo def leneen. Loola ana lan la? Daf ne: “dénk naa leen Al-Quraan. Def leen ko

[Page 159]

muy seen kër; def leen ko muy seen lépp. Fab leen sunnas Rasūlu l-Lāhi, ʃalla l-āhu ‘alayhi wa sallama, ñage ko seen kër. Ku taxaw ca gannaaw ñag ba woo leen, ku mu? Shaytaane la. Bu leen ko geesu.” Ci loolu rekk lanu ne. Waaye dara lu bon wàlla lu ñaaw ëmbu nu ko. Foofu rekk lanu ne. Yeen kilifay diine yii fi teew itam, maa ngi leen di seereel ngërëm lii nga xam ne gërëm naa ko Parasidaa ci jëf ju rafet jii mu nu jëfal. Ngir man Yàlla damaa bindewul ma bokk ci jaam ñi nga xam ne mën nañoo gërëm ku lenn defalut dara; ngir képp koo xam ne yaa ngi gërëm ku la defalut,

[Page 160]

bu dofut dana xam ne dang koo xarab te tooñu la. Kon nak, ngërëm loolii nga xam ne maa ngi ko koy gërëm, yeen sama mbokki kilifay diine yii fi teew maa ngi leen koy seereloo. Yeen Senegaal yépp maa ngi leen koy seereloo. Gannaaw loolu itam nak, maa ngi leen di gërëm yeen kilifay diine yi ci xam gi ngeen xam ne lii sama bannexa, sama yittee, sama lu ma ñor la, ngeen bokk kook man. Ma leeral leen ne, féeg may dund, lu ngeen nekk rekk, nekk naa ceek yeen. Amunu xàjjatlikoo ci dara ni ko Yàlla sàntaane. Jërë ngeen jëf. Léegi nak,

[Page 161]

Parasidaa ag cànt bu ko nit waxee dafa wara am firnde ju mu wara wone, ndax bu nit waxee ne gërëm naa la te neewut dara laa la gërëmee waxut dëgg... Wa salaam.